**दिन–सोमवार** **दिनांक–7.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार घरेलू गैस सिलिंडरक मूल्य मे पचास टाका वृद्धि कयलक अछि। नव दर कालि्ह सँ प्रभावी होयत। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्री हरदीप सिंह पुरी आइ नव दिल्ली मे जनौलनि जे प्रधानमंत्री उज्ज्वला योजनाक लाभार्थी सभक लेल सेहो बढ़ल दर प्रभावी होयत। ओ कहलनि जे तेल विपणन कंपनी सभ के लागति सँ कम दाम पर सिलिंडर बेचबाक कारणे लगभग एकतालीस हजार करोड़ टाकाक घाटा भेल अछि। एहि घाटा के कम करबाक लेल सरकार मूल्य वृद्धिक निर्णय लेलक अछि। मूल्य वृद्धिक बाद पटना मे आब रसोईगैस सिलिंडर नओ सय एक टाका के स्थान पर नओ सय एकावन टाका मे भेटत। श्री पुरी जनौलनि जे सरकार पेट्रोल आ डीजल पर उत्पाद शुल्क मे दू टाका प्रति लीटरक वृद्धिक निर्णय लेलक अछि। ओ कहलनि जे शुल्क मे वृद्धिक प्रभाव दुनू उत्पादक खुदरा मूल्य पर नहि होयत।

---

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी कहलनि जे आइ देशक पूरा व्यवस्था किछु लोक सभक हाथ मे सिमटि गेल अछि आ अनुसूचित जाति, अनुसूचित जनजाति आ पिछड़ा वर्गक लोक सभ के उचित प्रतिनिधित्व नहि भेटि रहल अछि। श्री गांधी आइ पटनाक एस.के मेमोरियल हॉल मे संविधान सुरक्षा सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ जातीय जनगणनाक आवश्यकता पर बल दैत कहलनि जे एहि सँ समाजक सभ वर्ग के हर क्षेत्र मे उचित प्रतिनिधित्व भेटत।

श्री गांधी कहलनि जे अपन गलती सभ सँ सीख लऽकऽ कांग्रेस बिहारक राजनीति मे पिछड़ल, दलित आ गरीब लोक सभ के प्राथमिकता देत। श्री गांधी कहलनि जे संविधान देशक सच्चाई के रक्षक अछि। ओ कहलनि जे संविधान मे देशक सभ महापुरूषक विचारधाराक समावेश अछि। एम्हर, राहुल गांधी सम्मेलन मे भाग लेबाक बाद प्रदेश कांग्रेस मुख्यालय सदाकत आश्रम मे पार्टी नेता आ कार्यकर्ता सभक संग बैसक कयलनि। श्री गांधी के उपस्थिति मे कांग्रेस नेता के दू गुट आपस मे उलझि गेल। एहि दरमियान

जमिकऽ हाथापाई सेहो भेल। एहि सँ पहिने श्री गांधी आइ बेगूसराय मे **पलायन रोको नौकरी दो** यात्रा मे सम्मिलित भेलाह। एहि दरमियान प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश कुमार आ पार्टी नेता कन्हैया कुमार सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————

कांग्रेस नेता राहुल गांधीक बिहार यात्रा पर एनडीएक घटक दल सभ कड़गर प्रतिक्रिया देलनि अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह कहलनि जे पहिने राहुल गांधी के अपन पार्टी सँ पलायन रोकबाक प्रयास करबाक चाही। जदयूक वरिष्ठ नेता राजीव रंजन प्रसाद कहलनि जे कांग्रेसक प्रसंगिकता पूरा देश मे नहि के बराबर बांचल अछि। ओ कहलनि जे राहुल गांधी के दौरा सँ कोनो लाभ पार्टी के नहि भेटय जा रहल अछि। एम्हर, राजद कहलक अछि जे राहुल गांधी के दौरा से एनडीए गठबंधन मे हताशा अछि। पार्टी प्रवक्ता मृत्युंजय तिवारी कहलनि जे पूरा एनडीए राहुल गांधी आ तेजस्वी प्रसाद यादव के जोड़ी सँ डेराएल अछि।

———————————————————

राज्यक नव आईटी नीतिक अंतर्गत सूचना आ प्रावैधिकी विभाग पटनाक विस्कोमान टावर मे विशेष आईटी स्टार्टअप हब स्थापित कयलक अछि। विभागीय मंत्री कृष्ण कुमार मंटु आइ एहि हब मे आईटी क्षेत्रक स्टार्टअप के निःशुल्क कार्यालय परिसर उपलब्ध करौलनि। ओ कहलनि जे सरकारक नव नीति सँ युवा अत्मनिर्भर होयताह।

———————————————————

मौसम विभाग अगिला पांच दिन धरि सुपौल, अररिया, किशनगंज, मधेपुरा, पुर्णियां आ कटिहार सहित राज्यक उत्तरी भाग मे अधिकांश स्थान पर हल्का बर्षाक संभावना जतौलक अछि। एहि दरमियान तीस सँ चालीस किलो मीटर प्रतिघंटाक गति सँ तेज हवा चलबाक सेहो पूर्वानुमान अछि। संगहि, किछु ठाम वज्रपातक सेहो आशंका जताओल गेल अछि। एम्हर, विभाग जनौलक जे अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान अधिकतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरिक कमी आबि सकैत अछि।

———————————————————

निगरानी जांच ब्यूरोक टीम वैशाली जिलाक बिदुपुर अचंल कार्यालय मे तैनात डाटा इंट्री ऑपरेटर आदित्य कुमार के बारह हजार टाका घूस लैत मौके पर गिरफ्तार कयलक अछि। ओ शिकायतकर्ता सँ दाखिल–खारिज के नाम पर घूस लऽ रहल छल।

पश्चिम चंपारण जिलाक रामनगर थाना क्षेत्र मे एक कार आ मोटरसाईकिल के मध्य भेल टक्कर मे तीन लोकनिक मृत्यु भऽ गेल जखनकि दू आन गंभीर रूपें घायल भऽ गेलाह। घायल सभ के जीएमसीएच बेतिया मे इलाज चलि रहल अछि।

————————————————————

समाप्त